# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI STATISTIKA BASQARMASI



**(2019-yil 1-may jağdayına)**

# Kárxanalar hám shólkemler

(fermer hám dıyxan xojalıqlarınan basqa)

**Dizimnen ótken**

**17570**

2019 - jıldıń 1 - may jağdayına 17570 kárxanalar hám shólkemler dizimnen ótken, bul bolsa ótken jıldıń usi dáwirine salıstırǵanda (15,7 %) ke ósken.

**Hárekettegi**

**17123**

Nátiyjede nárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń sanı ótken jılǵa salıstirilǵanda 2505 (17,1 %) ge ósken, olardıń ulıwma sanı 17123 quraǵan.

**Jańadan ashılǵan**

**1773**

2019 - jıldıń yanvar - mart aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasinda 1773 kárxanalar hám shólkemler jańadan dúzildi, bul bolsa ótken jıldıń usi dáwirine salıstırǵanda 679 ǵa ko'p.

**Mámleketimizde qolay isbilermenlik ortalıǵın jaratıw hám isbilermenlikti jedel rawajlandırıw boyınsha qatar unamlı ózgerisler ámelge asırılıp atır. Óz ornında, isbilermenlik sub'ektlerin mámleketlik diziminen ótkeriw hám esapqa aliw boyınsha da nızamshılıqda za'ru'rli qararlar qabıl etilip, mámleketlik diziminen ótkeriw hám esapqa aliw avtomatlastırılǵan sisteması basqıshpa-basqısh islep shıǵılıp, turmisqa engizilmekte. Xalıq hámde shet el investorlariniń óz jeke biznesin jolǵa qoyıw hám rawajlandırıw ushın za'ru'rli faktor bolıp xizmet etpekte.**

# Dizimnen ótken kárxanalar hám shólkemler

(fermer hám dıyxan xojalıqlarınan basqa)

**(2019-jil 1-may jaǵdayina)**

17570 ten ibarat

**Dizimnen ótken kárxanalar sanı, birlikte**




**15,7 %**

**Ótken jılǵa salıstırǵanda ósimi**

2019 - jıldıń 1-may jaǵdayına 17570 kárxanalar hám shólkemler dizimnen ótken bolıp, ótken jıldiń usi dáwirine salıstırǵanda 15,7 % ke ósken, ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha jámine salıstırǵanda 22,2 % sawdada, 12,1 % sanaatta, 11,6 % awıl, orman hám balıq xojalıǵı, 11,2 % qurılıs, 6,0 % jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler, 4,6 % tasıw hám saqlaw, 1,9 % den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler, 1,8 % málimleme hám baylanıs hámde 28,5 % basqa xızmet túrleri úlesine tuwrı keledi.

# Dizimnen ótken kárxana hám shólkemlerdiń ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha sanı, birlikte

(fermer hám dıyxan xojalıqlarınan basqa)




Ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha (3908 ) sawda, (2120) sanaat, (2044) awıl, orman hám balıq xojalıǵı, (1964) qurılıs, (1053) jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler, (827) tasıw hám saqlaw, (332) den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler (309) málimleme hám baylanıs hámde (5013) basqa xizmet túrlerine tuwrı keledi.

# Hárekettegi yuridikalıq shaxslar

(fermer hám dıyxan xojalıqlarınan basqa)

**(2019-jil 1-may jaǵdayina)**

Hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń sanı 17123 ti quradi hámde ótken jılǵa salıstirilǵanda 2505 (17,1 %) ke ósken.

## Ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha hárekettegi kárxanalar hám shólkemler úlesi, %

(fermer hám dıyxan xojalıqlarınan basqa)



# Rayonlar kesiminde hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı, birlikde

(fermer hám dıyxan xojalıqlarınan basqa)




Hárekettegi kárxana hám shólkemler sanın rayonlar kesiminde koretugin bolsaq eń kóp Nókis qalasında (5378), Tórtkúl (1695), Beruniy (1398), Ámudarya (1281) hám Ellikqala (1083) rayonlar úlesine tuwrı keledi. Kerisinshe Shomanay (426), Moy'naq (341) hámde Taxtako'pir (304) rayonlarında kárxanalar sanınıń kemligin baqlaw múmkin.

# Jańadan ashilǵan

(fermer hám dıyxan xojalıqlarınan basqa)

**2019 - jıl yanvar-aprel aylarında 1773 kárxana hám shólkemler jańadan ashilǵan bolıp, bul kórsetkish 2018-jılǵa salıstırǵanda 679 ǵe ko'p .**

## Jańadan ashilǵan kárxanalardıń ósiw dinamikasi, birlikte




**Jańadan ashilǵan kárxanalardıń ekonomikalıq xizmet túrleri kesiminde eń kóbi sawdada (644 ti), sanaat (349 di), qurılıs (296 ni) hám awıl, orman hám balıq xojalıǵı (145 ti) tarawlarında jańadan ashilǵan. Eń kemi tasıw hám saqlaw (48 di), den sawlıqtı saqlaw jáne social xızmetler kórsetiwde (37 ni) hámde málimleme hám baylanısta (22) xizmet túrleri úlesine tuwrı keledi.**

# Jańadan ashilǵan kárxana hám shólkemlerdiń ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha sanı, birlikte

(fermer hám dıyxan xojalıqlarınan basqa)

| Xizmet túri | Sanı |
|---|---|
| Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı | 145 |
| Tasiw hám saqlaw | 48 |
| Sanaat | 349 |
| Jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetleri | 95 |
| Qurılıs | 296 |
| Málimleme hám baylanıs | 22 |
| Sawda | 644 |
| Den sawlıqtı saqlaw hám socıallıq xızmetler kórsetiw | 37 |
| Basqa turler | 137 |

# Rayonlar kesiminde jańadan ashilǵan kárxana hám shólkemlerdiń sanı, birlikte

(fermer hám dıyxan xojalıqlarınan basqa)




Jańadan ashilǵan kárxana hám shólkemlerdiń tiykarǵı bólegi Nókis qalası (500), Tórtkúl (196), Amudarya (148) hám Qońırat (123) rayonlari úlesine tuwri keledi. Kerisinshe, Qarao'zek (49), Qanlıkól (48) hámde Taxtako'pir (21) rayonlarında kárxana hám shólkemlerdi shólkemlestiriw kórsetkishi tómen dárejede ekenligin kóriwimiz mumkin.






# Kommercialıq kárxanalar

(fermer hám dıyxan xojalıqlarınan basqa)

(2019-jil 1-may jaǵdayina)

**Háreketteği kommercialıq kárxanalar hám shólkemlerdiń sanı 13546 quradı.**

## Klassifikator boyınsha háreketteği kommercialıq kárxanalardıń ulıwma sanı, birlikte.

| Túri | Sanı |
| --- | --- |
| Juwapkershiligi sheklengen jámiyeti | 9331 |
| Jeke kárxana | 3077 |
| Shańaraq kárxana | 831 |
| Unitar kárxana | 128 |
| Aksiyonerlik jámiyeti | 29 |
| Basqalar | 150 |

# Shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalar

**(2019-jil 1-may jaǵdayina)**



130

**Hárekettegi sırt-el kapital qatnasındaǵı kárxanalar sanı.**

**Ótken jılǵa salıstırǵanda 42,9 % ke ósken**

**Tiykarǵı bólegi Qıtay Xalıq Respublikası, Rossiya Federatsiyası, Qazaqstan Respublikası hám Koreya Respublikası.**

2019 - jıl 1-may jaǵdayına hárekettegi shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalar sanı 130 dı quraydi. Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 39 ǵa kóbeygen ham 42,9 % quraǵan. Usı kárxanalardıń tiykarǵı bólegi Qıtay Xalıq Respublikası, Rossiya Federatsiyası, Qazaqstan Respublikası hám Koreya Respublikası úlesine tuwrı keledi.

# Shet el kapital qatnasıwındaǵı hárekettegi kárxanalardıń mámleketlik kesimindeǵı sanı, birlikte

| | |
|---|---|
| Qıtay | 32 |
| Rossiya | 18 |
| Qazaqstan | 16 |
| Koreya | 11 |
| Pakistan | 5 |
| Basqa mámleketlikler | 48 |



## Shet el kapital qatnasındaǵı hárekettegi kárxanalardıń jıllar kesimindeǵı sanı, birlikte



**Shet el kapital qatnasındaǵı hárekettegi kárxanalardıń 79 qospa kárxanalar, 51 bolsa shet el kárxanalarin quradi.**






## Rayonlar kesiminde, shet el kapital qatnasındaǵı hárekettegi kárxanalar sanı, birlikte




Shet el kapital qatnasındaǵı hárekettegi kárxanalardı rayonlar kesiminde kórsek, tiykarǵı bólegi Nókis qalasında 22 (17,2 %), Moynaq rayonında 18 (14, 1 %) hám Nókis rayonında 9 (7,0 %) shólkemlesken. Eń kem shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalar Xo'jeli hám To'rtkúl rayonlarında 3 kárxanadan (2,3 %), Shimbay hám Ellikqala rayonlarında 4 kárxanadan (3,1 %) esapqa alinǵan.

# Ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha hárekettegi shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalar sanı, birlikte




Hárekettegi shet el kapitali qatnasındaǵı kárxanalardıń tiykarǵı bólegi sanaat hámde sawda xizmet túrine tuwrı keledi. Sonıń menen birge, eń kem úlesi bolsa den sawlıqtı saqlaw hám socialliq xızmet kórsetiw hámde tasıw hám saqlaw xizmet túrlerine tuwrı keledi.



# Jańadan ashilǵan shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalar





1 **Jańadan ashilg'an kárxanalar hám shólkemler**

2019-jıldıń yanvar-aprel aylarında shet el kapital qatnasındaǵı jańadan ashilǵan kárxanalardıń sanı 13 di quradi.



Qazaqstan Respublikası rezidentleri kapitalı qatnasında- 3, Qubla Kareya Respublikası, Turkmenstan Respublikası hámde Britaniyanıń Virginiya Arallari - 2 kárxanadan, Rossiya Federatsiyası, Awǵanstan Respublikası, Qıtay Xalıq Respublikası hámde Turkiya Respublikası -1 kárxanadan jańadan ashilg'an.

# Jańadan ashilǵan shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanı, birlikte




Jańadan ashilǵan shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha tiykarınan sawdada 5, sanaat hámde awıl, orman hám balıq xojalıǵında 3 den xızmet túrleri úlesine tuwrı keledi.

# Kishi kárxana hám mikrofirmalar

(fermer hám dıyxan xojalıqlarınan basqa)

**(2019-jil 1-may jaǵdayina)**



**2019 -jıl 1-may jaǵdayına háreketdegi kishi kárxana hám mikrofirmalardiń sanı 13468 di quraǵan. Bul kórsetkish ótken jılǵa salıstırǵanda 20,7 % ke ósken.**



**2019 - jıl yanvar-aprel aylarında 1699 kichi kárxana hám mikrofirmalar jańadan ashılǵan. Ótken jıldiń usı dáwirine salıstırǵanda 887 ǵe kóbeygen.**

| •Kishi isbilermenlik subektleriniń eń úlken úlesi | •Kishi isbilermenlik subektleriniń eń kishi úlesi |
| --- | --- |
| •Nókis qalası 33,5 % | •Shımbay rayonı 3,3 % |
| •Tórtkúl rayonı 10,7 % | •Qaraózek rayonı 2,9 % |
| •Beruniy rayonı 8,3 % | •Taqıyatas rayonı 2,8 % |
| •Ámudarya rayonı 7,3 % | •Kegeyli rayoni 2,7 % |
| •Ellikqala rayonı 6,1 % | •Qanlıkól rayonı 2,4 % |
| •Qońırat rayonı 5,5 % | •Shomanay rayonı 2,2 % |
| •Xojeli rayonı 4,9 % | •Moynaq rayonı 1,8 % |
| •Nókis rayonı 4,2 % | •Taxtakópir rayonı 1,4 % |

Ekonomikalıq xizmet túrleri kesiminde hárekettegi jámi 13468 kishi kárxana hám mikrofirmalardiń 3793 (28,2 %) - sawda, 2063 (15,1 %) - sanaat, 1921 (14,3 %) - qurılıs, 1903 (14,1 %) - awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı, 1025 (7,6 %) - jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler tarawı, 799 (5,9 %) - tasıw hám saqlaw, 252 (1,9 %) - málimleme hám baylanıs tarawı, 233 (1,7 %) - den-sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw soniń menen birge, 1506 (11,2 %) - basqa xizmet túrleri úleslerine tuwrı keledi.

## Hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardiń ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha úlesi



# Jańadan ashilǵan kishi kárxana hám mikrofirmalardiń ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha úlesi

Sawda
37,8 %

Sanaat
20,5 %

Qurılıs
17,4 %

Jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler
5,6 %

Tasıw hám saqlaw
2,8 %

Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında,
8,5 %

Málimleme hám baylanıs
1,3 %

Den sawlıqtı saqlaw hám socialliq xızmetler kórsetiw
1,2 %

Basqa xızmet túrleri
4,9 %

Ekonomikalıq xizmet túrleri kesiminde bolsa eń kóp sawdada 643 ti, sanaatta 349 dı, qurılısta 295 ti, awıl, orman hám balıq xojalıǵı 144 ti quragan. Eń kem tasıw hám saqlawda 48 di, málimleme hám baylanısta 22 ni, den sawlıqtı saqlaw hám socialliq xizmet kórsetiwde 21 quradi.

# Rayonlar kesiminde jańadan ashilgan kishi kárxana hám mikrofirmalardiń sanı, birlikte




Eń kóp jańadan ashilǵan kishi kárxana hám mikrofirmalar Nókis qalası (476), Tórtkúl (189), Ámudarya (147) hám Qońırat (119) rayonları úlesine tuwrı keledi. Eń kem Taxtako'pir (20), Qanlıkól (47) hámde Qarao'zek (48) rayonlarında guzetildi.

# Shańaraq kárxanalar sanınıń ósiw dinamikası, birlikte

**2019-jil 1-may jaǵdayina**




## Háreketttegi shańaraq kárxanalardıń rayonlar kesimindegi sanı, birlikte



# Hárekettegi shańaraq kárxanalardıń ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha úlesi




Hárekettegi shańaraq kárxanalardıń ekonomikalıq xizmet túrleri kesiminde kóretuǵin bolsaq olardıń 27,1 % yamasa 225 jasaw hám awqatlanıw xızmetlerin, 26,8 % yamasa 223 sanaat, 25,8 % yamasa 214 sawda, 6,9 % yamasa 57 awıl, togay hám balıq xojalıǵı, 2,0 % yamasa 17 den sawlıqtı saqlaw hám socialliq xızmetler kórsetiw, 1,8 % yamasa 15 málimleme hám baylanıs, 0,7 % yamasa 6 qurılıs, 0,6 % yamasa 5 tasıw hám saqlaw hámde 8,3 % yamasa 69 basqa xizmet túrleri úlesine tuwrı keledi.

## Statistikalıq registrın júrgiziw bólimi.

**Tel.:71-230-82-23(24)**